


Vrè Istwa sou Soup Ki Fèt ak Wòch

(The Real Story of the Stone Soup—Genre: Folktale)

Otè: Ying Chang Compestine

Illustratè: Stephane Jorisch



Istwa sa kòmanse lè m te anplwaye twa frè Chang yo pou yo te vin travay avè m nan bato lapèch mwen an. Twa jenn ti mesye sa yo te trè debyen, men parese; **dezole** si m ta di w yo estupid tou. Sak pi bon an m pap peye yo anpil. Menm lè m gen twa frè sa yo k ap travay avè m, m toujou fè travay ki pi di a: se dirije kannòt la.

Yon bon jou nan ete konsa, mwen deside m pap peche pou tout jounen an nèt. Konsa m di mesye yo li lè pou nou manje; mare kannòt la sou waf la.

«Ting, al chèche bwa dife! Pong prepare mamit pou fè manje epi netwaye pwason yo. Kuai, al chèche dlo.»

«Mamit pou fè manje a pa la,» Ting, sila kite pi gran, di.

«Kòman nou fè bliye mamit lan,» Tonton an di.

«Se pou ou menm li ye, se ou ki pou te sonje pote l,» Ting di ak tout awogans li.

3yèm Ane

Pong, dezyèm frè a, eseye kase fèy pou kouvri sa. Li **eskize** tonton an. «Nou tèlman t ap fè vit lè nou t ap kite kay la maten an se sak fè nou bliye l.»

Kuai, pi piti nan twa frè yo di: «Nou pa bezwen mamit.» Li chichote yon bagay nan zòrèy frè li yo.

«Kòman nou pwal prepare manje midi a?» m mande. «Avèk yon twou nan tè a?»

Bouch mwen poko menm fèmen twa mesye yo kòmanse fouye yon twou nan sab la. Ting ak Pong sanble yon dife bò kote twou a.

«Koulye a nou bezwen wòch.» Kuai di lòt frè yo.

«Kisa n pwal fè ak wòch yo?» Tonton di.

«Shshsh, rete an silans.» Kuai di

Kuai pran yon wòch li mete l bò zòrèy li; epi l di sa se yon wòch pwason. Li lage l nan dife a.

Ting, sila ki te pi awogan, pran yon wòch, li mete l bò zòrèy li pou l te kapab tandè sa wòch la t ap di. Li di sa se yon wòch legim epi l lage l nan dife a.

Tonton an menm pran yon wòch pou kont pal pou eseye. Li pa tandè anyen. Li bay Pong wòch la epi l di l, si w entèlijan di m ki wòch sa ye?

«Ou bon wi, ou pran yon bon wòch, li se yon wòch ze.» Pong di.

«Koulye a nou bezwen yon vesò ki ka kenbe dlo.» Kuai di. Yo mande tonton an pou l itilize yon rach li genyen pou l fè yon po ak yon bout bwa. Epi pou l fè bagèt ak yon kouto li te genyen.

«Kòman nou pwal mete dlo sou dife a?» Tonton an mande.

«Ou mèl kite sa sou kont nou.» Ting di tonton an.

Yo pran premye wòch la; epi yo di tou piti antre yo: «pwason, pwason, pwason.» Yo soufle sou li epi yo lage l nan twou a. Toutan wòch la ap desann, moso pwason ap voltije anlè. Yo fè menm bagay la ak lòt de wòch yo pou legim nan ak ze a. Tonton manje soup vant deboutonen. «Mesye sa yo resi fè on bon bagay.» Tonton di.

Kesyon Esansyèl: Ki manje ki bon pou sante twa frè yo te itilize pou fè soup la?

Dekri pèsonaj yo dapre istwa:

Pèsonaj #1: _____

Pèsonaj # 2: _____

Pèsonaj # 3: _____

Pèsonaj #4: _____
